

Avi Sou Dwa Daprè atik 504  
Lwa sou Reyabilitasyon 1973 la

Lwa sa yo aplikab pou paran/ gadyen avèk elèv ki rive nan laj majè, ki 18 (dizwitan) nan Massachusetts e ki konsa:

1. Paran/Gadyen oswa elèv ki rive nan laj majè genyen dwa pou yo resevwa yon kopi avi sou dwa pwosediral yo lè distrik lekòl la idantifye, evalye, refize evalye, fè o nye yon nouvo plasman edikatif, oswa fè nenpòt chanjman enpòtman nan plasman elèv la pou enkapasite o enkasite yo sispèk.
2. Paran/gadyen oswa elèv ki rive nan laj majè gen dwa pou genyen yon evalyasyon pou elèv la si distrik lekòl gen rezon pou l kwè elèv la gen yon feblès mantal o fizik ki jeneralman limite l nan aprann oswa nan lòt prensipal aktivite nan lavi li. Paran/gadyen oswa elèv ki rive nan laj majè gen dwa pou genyen yon evalyasyon pou elèv la avan tout plan adaptasyon e ankonsekans avan tout chanjman enpòtan nan plasman edikatif timoun nan. Yon ekzanp chanjman enpòtan nan plasman edikatif se rekòmande li pou espilasyon (mete l deyò).
3. Elèv la genyen dwa pou li jwenn edikasyon piblik gratis apwopriye. Paran/gadyen an genyen responsabilite pou peye menm frè ak paran/gadyen timoun ki pa andikape yo.
4. Nan tout mezi posib, elèv la genyen dwa pou li pran klas li ansanm avèk timoun ki pa andikape.
5. Paran/gadyen oswa elèv ki rive nan laj katòzan o plis oswa rantre nan klas nevyèm gen dwa pou ekzamine tout dosye ki gen pou wè avèk elèv la lekòl la kenbe.
6. Paran/gadyen oswa elèv ki rive nan laj majè gen dwa pou genyen yon odyans enpasyal regilye si yo vle opoze kont yon aksyon Lekòl Piblik Cambridge konsènan idantifikasyon, evalyasyon, oswa plasman daprè seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon an.
7. Si paran/gadyen oswa elèv la ki rive nan laj majè vle opoze kont yon aksyon ekip Seksyon 504 la pran nan yon odyans enpasyal regilye, yo dwe fè yon Rekèt pou yon Odyans devan Biwo Apèl Edikasyon Espesyal la, 75 Ri Pleasant, Malden, MA 02148-4906 (Bureau of Special Education Appeals/ BSEA), 75 Pleasant Street, Malden, MA

02148-4906), oswa pa faks bay BSEA nan 781-338-3398. Nou dwe soumèt Rekèt ekri sa a pou odyans la devan Administratè Lekòl yo tou, nan Lekòl Piblik Cambridge, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141 (Superintendent of Schools, Cambridge Publik Schools, 159 Thorndike Street, Cambridge, MA 02141. Si paran/gadyen oswa elèv ki rive nan laj majè alafen pa dakò avèk desizyon ofisye odyans la, yo gen dwa depoze yon plent devan tribunal federal distrik la pou mande rekonsidere desizyon sa a.

8. Si paran/gadyen oswa elèv la ki rive nan laj majè genyen lòt pwoblèm avèk edikasyon etidyan an ki pa patikilyèman konsène idantifikasyon, evalyasyon oswa plasman, paran/gadyen oswa elèv ki rive nan laj majè a gen dwa pwoteste o pote plent devan Kòdinatè Seksyon 504 distrik lekòl la, ki Ofisye pou Aksyon Petitwa (Affirmative Action Officer) pou Lekòl Piblik Cambridge. Biwo sa a localize nan premye etaj la nan 159 Ri Thorndike, Cambridge, Massachusetts (159 Thorndike Street, Cambridge, Massachusetts). Nimewo telefòn Biwo pou Aksyon Pititwa a (Office of Affirmative Action) se 617-349-6456
9. Paran/gadyen oswa elèv ki rive nan laj majè gen dwa tou pou depoze plent devan Biwo Dwa Sivil Depatman Edikasyon Etazini, 33 Ri Arch, 9<sup>yèm</sup> Etaj, Boston, MA 02110, Telefòn: 617-289-0111, Faks: 617-289-0150 (Office of Civil Rights of the United States Department of Education, 33 Arch Street, 9<sup>th</sup> Floor, Boston, MA 02110 Phone: 617-289-0111; Fax: 617-289-0150).